

Atelye MIT sou Edikasyon San Baryè e ki Kore ak Teknoloji
Kanpis Henry Christophe UEH Limonad, Ayiti
14 jen 2016

Objektif aprantisaj ki reyalis, ki presi e ke nou ka mezire

Glenda Stump, PhD

Sa se deskripsiyon ki dekri ki sa etidyan yo dwe konnen oswa ki sa yo dwe kapab fè gras a kou sa a.

Rezon pou objektif sa yo

- Ede etidyan yo konprann ki sa yo gen pou yo aprann
- Ede pwofesè yo deside ki kontni pou yo anseye
- Objektif sa yo se baz pou fè evalyasyon aprantisaj etidyan yo epi evalyasyon kou a li menm
- Pwofesè sa yo k ap vin ann apre yo ap konnen ki sa etidyan yo ta dwe konnen
- Ede devlope kourikoulòm ki byen koyeran

Anvan w ekri objektif aprantisaj yo, reponn kesyon sa yo

1. Ki "mezi-pye" oswa kad objektif la?
2. Ki sa yon etidyan ki reyisi nan kourikoulòm ou a / kou ou a / klas ou a ta dwe kapab fè?
3. Èske etidyan yo ta dwe metrize konesans ak konpetans yo nan yon lòd done?
4. Konbyen objektif ki ta bon pou yon sèl klas?

Objektif aprantisaj yo gen 3 Pati:

1. Sikonstans: Sitiyasyon kote n ta atann nou pèfòmans lan pral deplwaye
2. Konpòtman: Vèb ki dekri demonstrasyon konesans, konpetans oswa dispozisyon
3. Kritè pou reyisit: Nivo pèfòmans ki akseptab

Lè n ap ekri objektif aprantisaj yo

- Kòmanse ak **sikonstans** yo
 - Tan: "Anvan fen kou a / klas la / modil la, fòk etidyan an kapab ..."
 - Ki sa etidyan an ap genyen osnon ki sa yo p ap genyen : "Etidyan an ap ka sèvi ak yon fichye Excel pou li ..."
- Presize **konpòtman** an
 - Itilize de mo ki pale de aksyon konkè
 - Evite de mo ki klè sèlman pou pwofesè a, paregzanp, konprann, konnen
- Fini sou **kritè pou reyisit** (ki pa toujou defini): Nivo pèfòmans
 - Nivo pèfòmans lan
 - Presizyon (maksimòm / minimòm)
 - Degre ekselans
 - Tan

Rezime etap pou n ekri objektif aprantisaj yo

1. Deside “mezi-pye” (kad)
2. Fè yon lis konpòtman yon etidyan ki reyisi ta dwe kapab demonstre
3. Deside lòd pou w ta dwe anseye konpetans / konesans yo
4. Deside ki kantite objektif ki reyalis pou tan w genyen pou w anseye a
5. Kòmanse objektif la ak **sikonstans yo** (tan, zouti yo, sitiayson an, milye a oswa restriksyon yo)
6. Ajoute **konpòtman presi** etidyan an ta dwe kapab demonstre. — Itilize vèb ki alien ak degre konpreyansyon sou nivo konesans ou vize a
7. Ajoute **kritè pou reyisit** (si li ta bon)

Verifye objektif aprantisaj ou yo...¹

1. Èske li di ki sa etidyan yo ta dwe konnen oswa kapab fè apre w fin kouvri sijè a?
2. Èske li klè kòman yo pral demonstre konpetans oswa konesans yo?
3. Èske vèb la gen yon sans klè?
4. Èske vèb la alien ak degre konpreyansyon sou nivo konesans ou t ap vize a?
5. Èske langaj w ap itilize a familye pou etidyan an? (si aprann langaj la se pa objektif la)
6. Èske objektif la gen rapò ak lavi etidyan yo oswa travay pratik yo nan domèn lan alavni?

¹ Adapte sou “Creating and Using Effective Learning Goals” ki se yon atik nan University of Colorado epi University of British Columbia Science Education Initiatives, <http://cwsei.ubc.ca> and <http://colorado.edu/sei>)